# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRININ` BUYRIG`I

**Министрликтиң 2020-жыл 7-апрельдеги 82-санлы «Коллегия мәжилиси Президиумы қурамына өзгерислер киргизиў ҳаққында»ғы буйрығына өзгерислер киргизиў туўралы.**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 30-сентябрьдеги 3304-санлы «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң жумысларын жетилистириў ҳаққында»ғы карарының 2-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 27-октябрьдеги 731-санлы «Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Режесин тастыйықлаў ҳаққында»ғы қарарына тийкарланып **БУЙЫРАМАН:**

**1.** Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 30-сентябрьдеги 3304-санлы «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң жумысларын жетилистириў ҳаққында»ғы карарының 2-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 27-октябрьдеги 731-санлы «Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Режесин тастыйықлаў ҳаққында»ғы қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2.** Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 27-октябрьдеги 731-санлы қарары менен тастыйықланған «Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳаққындағы Реже»ниң 15-бәнтине тийкарланып дүзилген президиум қурамы ағзаларының айырымлары басқа жумыс орнына өтиўине байланыслы Халық билимлендириў министрлигиниң КОЛЛЕГИЯ мәжилиси президиумы қурамына өзгерислер киритилсин ҳәм төмендеги қурамда тастыйықлансын.

| | |
|---|---|
| - Р. Реимов | **Коллегия мәжилиси баслығы,** Халық билимлендириў министри. |
| - Қ. Бекбаулиев | **ағзасы,** министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а. |
| - Ш. Таджимуратов | **ағзасы,** министр орынбасары. |
| - И. Балтабаев | **ағзасы,** министр орынбасары ў.ў.а. |
| - У. Жалменов | **ағзасы,** Өзбекстан |
| кәсиплик аўқамлары | Федерациясының Қарақалпақстан кәсиплик аўқамлары шөлкемлери бирлеспеси кеңесиниң баслығы. |
| - А. Еримбетов | **ағзасы,** министрликтиң бөлим баслығы. |
| - А. Бегжанов | **ағзасы,** министрликтиң бас ҳуқық мәсләҳәтшиси. |
| - В. Каленова | **ағзасы,** Нөкис қаласы, 31-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мектебиниң директоры. |
| - И. Айтназаров | **хаткери,** атқарыў тәртиби ҳәм мүрәжатлер менен ислесиў бөлими қәнигеси. |

**3.** Коллегия мәжилисиниң Президиум ағзаларына төмендеги ўазыйпалар жүкленсин:

- Коллегия мәжилиси болатуғын күни толық қатнасыў;
- Коллегия мәжилисиниң күн тәртибине қойылған мәселелерди алдын ала үйренип шығыў;
- Коллегия мәжилисиниң күн тәртибинде қаралып атырған мәселелер бойынша қарарлар қабыл етиўде өз пикир-усынысларын бериў.

**4.** Усы буйрықтың шығыўы мүнәсибети менен ҚР ХБМ ниң 2020-жыл 7-апрель сәнесиндеги "Министрликтиң Коллегия мәжилиси Президиум қурамына өзгерис киргизиў ҳаққында"ғы 82-санлы буйрығы бийкар етилсин.

**5.** Усы буйрықтың орынланыўын өзимде қалдыраман.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри** **Р. Реимов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

*Буйрық №* 139
*«*09*»* июнь *2021 ж.*